

Ak Kisa pou w Atann ou Apre w Fin Depoze yon Plent

Jwenn estati plent ou an sou HPDONLINE lè w chèche nimewo Demann Sèvis ou te resevwa apati 311 lan oswa lè w chèche plent ki sòti nan apatman w lan. Si Enspektè a verifye yon vyolasyon, ou ka wè tou detay vyolasyon an, ki gen ladan l lè li dwe korije, sou HPDONLINE.

Tribinal Lojman

Lokatè yo ka ale nan Tribunal Lojman an anvan oswa apre vyolasyon yo konstate nan ka kote gen move kondisyon antreten. Tribunal la ka pase pwopriyetè kay la lòd pou li korije kondisyon yo epi l kapab enpoze sanksyon nan ka kote pwopriyetè a pa konfòme li. Gen yon frè \$45 pou depoze, ki kapab anile si ou pa kapab peye li. Gen yon Tribunal Lojman nan chak awondisman.

- Manhattan: 111 Centre Street - Sal 225
- Bronx: 1118 Grand Concourse - Sal antre a
- Brooklyn: 141 Livingston Street - Sal 202
- Queens: 89-17 Sutphin Boulevard - Dezyèm Etaj
- Staten Island: 927 Castleton Avenue - Sal Antre a

Pou plis enfòmasyon, kontakte Repons Tribunal Lojman an nan **(212) 962-4795** oswa ale sou housingcourtanswers.org.

Ou kapab kalifye pou asistans jiridik ki gratis. Rele Sosyete Èd Jiridik la (Legal Aid Society) nan **(212) 577-3300** oswa Sèvis Jiridik New York (Legal Services of New York) nan **(212) 431-7200**.

Siyale Koripsyon

Enspektè lojman yo pa kapab aksepte okenn kalite avantaj nan men pèsòn nan objektif pou enflyanse aksyon ofisyèl yo a. Aksepte oswa ofri nenpòt avantaj li ye a se yon krim. Enspektè lojman yo ap siyale òf sa yo bay Depatman Envestigasyon Vil la.

Pou siyale aktivite ki pa apwopriye, rele **(212) 369-2364** oswa ale sou nyc.gov/doj. Moun ki komèt vyolasyon yo ap sibi pouosit jidisyè.



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.nyc.gov/hpd oswa eskane kòd QR la ak aparèy mobil ou a.

ENFÒMASYON ENPÒTAN

- **Depatman Konstriksyon** - nyc.gov/buildings
Pou asansè ki an pàn oswa ki reprezante yon danje oswa pou pwoblèm estrikti.
- **Jesyon Ijans** - nyc.gov/oem
Pou enfòmasyon sou kijan pou kreye plan pou fanmi w nan ka kote gen katastwòf, ekipman founiti pou ka ijans, ak valiz pou "Deplasman".
- **Biwo Majistra a pou Moun ki Andikape** - nyc.gov/mopd
- **Lojman depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an (Housing Preservation and Development, HPD) ki Bon Mache** - nyc.gov/hpd oswa **(212) 863-5610**
Pou jwenn enfòmasyon konsènan lotri ki ouvri yo.
- **Biwo Majistra a pou Elimine Vyolans Domestik ak Vyolans ki baze sou Sèks** - nyc.gov/endgbv
- **Depatman pou Moun Aje** - nyc.gov/aging

Ou kapab kontakte diferan ajans ki nan vil la lè w konpoze **311** oswa lè w ale sou nyc.gov.

- **Renouvelman Lojman ak Kominote Eta New York** - hcr.nyc.gov oswa **(718) 739-6400**
Pou pwoblèm konsènan lwaye ki faktire nan imèb ki gen pri lwaye ki stabilize oswa pri lwaye ki kontwole.
- **Liy Asistans kont Maltretans ki fèt sou Timoun** - [\(800\) 342-3720](http://(800) 342-3720)

For a copy of this pamphlet, go to [ABCs of Housing - HPD \(nyc.gov\)](#)

للحصول على نسخة من هذه النشرة، فضلاً الانتقال إلى دليل أساسيات الإسكان -
إدارة الحفاظ على المساكن وتطويرها (nyc.gov)

এই প্রচারপুস্তিকার একটি কপির জন্য, [ABCs of Housing - HPD \(nyc.gov\)](#) এ যান

Pour obtenir une copie de cette brochure, rendez-vous sur [ABC du logement - HPD \(nyc.gov\)](#)

Pou jwenn yon kopi bwochi sa, ale sou [ABC Lojman - HPD \(nyc.gov\)](#)

이 팜플릿 사본을 원하시면 임대주 및 세입자를 위한 주택 수칙(ABCs of Housing) - [HPD\(nyc.gov\)](#) 를 방문하십시오

Kopia tej broszurki jest dostępna na stronie [ABC Zakwaterowania - HPD \(nyc.gov\)](#)

Для получения копии этой брошюры перейдите на веб-сайт [HPD \(nyc.gov\)](#) и найдите руководство «Основы жилищной политики»

Para obtener una copia de este folleto, vaya a [El ABC de la Vivienda, HPD \(nyc.gov\)](#)

اس پرچے کی ایک کاپی کے لیے، [ABCs of Housing - HPD \(nyc.gov\)](#) پر جائیں
如需本宣传册的副本, 请访问《住房基础知识》(ABCs of Housing) - HPD (nyc.gov)



Nimewo Badj Enspektè a:

Dat Enspeksyon an:

/ /

NIMEWO PLENT HPD A



Pou konsilte vyolasyon yo konstate lè enspeksyon sa, vizite HPDONLINE nan kèk jou apre enspeksyon sa. Y ap rapòte tout vyolasyon yo bay mèt pwopriyete a oswa ajan mèt pwopriyete a.

* eskane kòd QR la avèk aparèy mobil ou a pou w vizite HPDONLINE.

*Enspeksyon jodi a se te sèlman premye etap nan pwosesis pou fè apatman oswa imèb kote w ye a respekte Kòd la. HPD konte sou lokatè yo pou yo fè bon jan patenarya avèk li pou nou kapab ogmante efikasite efò nou pou aplikasyon kòd la. Nou ankouraje w pou w li enfòmasyon ki nan bwochi sa avèk anpil atansyon. Pou plis enfòmasyon sou pwoblèm antreten lojman, ale vizite [nyc.gov/hpd](#) oswa rele nan **311** pou yon kopi ABC Lojman an.*

Vyolasyon nan zafè Reparasyon Annijans

HPD ka kontakte w pa telefòn akòz youn oswa plis pami vyolasyon ki koche pi ba yo:

- Pa gen Chofaj (mwens pase 64 degre)
- Pa gen Dlo Cho (mwens pase 110 degre)
- Plon/ Potansyèl Penti Abaz Plon k ap Dekale
- Pa Gen Pwoteksyon pou Fenèt oswa Pwoteksyon ki Genyen yo Pa Fin Solid
- Pa gen Dlo
- Pa gen Elektrisite
- Fuit Dlo k ap Tonbe Byen Fò sou fòm Kaskad
- Mwazisi
- Pòt apatman ki pa fèmen poukont li
- Lòt vyolasyon:

HPD ap kontakte mèt pwopriyete a pou li fè reparasyon ki nesesè yo, epi l ap eseye kontakte w pou verifye si reparasyon yo kòmanse oswa fini. Li enpòtan pou w reponn HPD pou nou ka detèmine pwochen etap reparasyon yo!

Sekirite kont Dife



PÒTAY FENÈT KI VEWOUYE AK KLE EPI SERI AK DOUB SILENN

Seri nan pòtay fenèt yo ki mande yon kle epi seri nan pòt ki nesesite yon kle pou delòk yo pa anndan apatman an reprezante yon danje, epi yo ka anpeche moun kouri sove oswa anpeche Depatman Ponpye a rive jwenn ou nan ka kote ta gen yon dife. Retire yo pou w rete an sekirite.

DETEKTÈ LAFIMEN AK MONOKSID KABÒN.

Detektè lafimen ak monoksid kabòn yo bay avètisman ki ka sove lavi nan ka kote gen dife oswa gaz monoksid kabòn ki trprezante gwo danje. Pwopriyetè kote w lwe a dwe founi aparèy sa yo (oswa yon sèl aparèy ki konbine), men ou t a dwe asire w detektè yo anplas, yo gen bon batri ladan yo epi y ap fonksyoné.

PÒT KI FÈMEN POUKONT YO

Tout imèb rezidansyèl ki gen twa (3) osinon plis apatman dwe gen pòt apatman ak pòt espas publik ki fèmen poukонт yo. Pòt yo pa t a dwe janm bloke oswa genyen dispozitif ladan yo ki anpeche yo fèmen poukонт yo. Pòt yo kapab ede bare dife ak lafimen pou yo pa pwopaje atravè yon imèb, epi konsa anpeche moun pèdi lavi yo, moun blese epi limite domaj materyèl yo.

BATRI AK YON LITYÒM (LITHIUM ION)

Batri ak yon lityòm - ke yo souvan itilize nan veyikil ki gen mikwomobilite tankou bisiklèt ak eskoutè (scooter) elektrik yo - ka danjere epi chofe, pran dife souvan bripsoukou pandan y ap chaje oswa pandan yo dekonekte. Yo ka lakòz gwo dife ki gaye byen rapid epi ki difisil pou etenn. Ou pa ta dwe janm chaje batri sa yo anndan kay, sitou toupre espas kote pou moun sòti, tankou fenèt ak pòt yo epi ou pa dwe janm itilize ralonj elektrik. Toujou itilize chajè ki te tou vini ak aparèy la oswa batri ranplasman fabrikan an rekòmande a sèlman. Si yon batri chofe oswa si ou pran yon sant, ou remake yon chanjman nan fòm/koulè aparèy la, gen fuit oswa bri ki biza nan aparèy la, sispann itilize l imedyatman. Si w ka fè sa an tout sekirite, retire aparèy la bòkote nenpòt bagay ki ka pran dife epi rele 9-1-1.

FUIT GAZ

Si ou pran sant gaz oswa ou sispèk yon fuit gaz, kite imèb lan imedyatman epi kontakte 911. Depatman Ponpye a ap reponn ak preyokipasyon ou yo.

Pwoteje Timoun Ou Yo



PENTI ABAZ PLON


Penti ki abaz plon ka pwazonnen timoun ou an. Pandan enspeksyon sa, ou te resevwa yon bwochi sou danje penti abaz plon yo reprezante ak enfòmasyon sou kijan ou ka pwoteje fanmi ou. Li l ak anpil atansyon epi rele nan 311 pou plis enfòmasyon.

PWOTEKSYON FENÈT

Pwoteksyon fenèt yo anpeche timoun yo sòti nan fenèt yo tonbe epi blese gravman oswa mouri. Egzijans fèt pou pwoteksyon fenèt ki apwouve enstale nan tout fenèt apatman an ak nan fenèt koulwa publik ki nan imèb ki gen twa (3) oswa plis apatman yo kote yon timoun ki gen laj 10 lane oswa mwens ap viv oswa si ou mande sa.

Chofaj ak Dlo Cho

Pwopriyetè imèb yo gen egzijans legal pou yo bay lokatè yo chofaj ak dlo cho. Yo dwe bay dlo cho pandan chak gress jou nan ane a nan yon tanperati konstan ki omwen 120 degré Fahrenheit. Yo dwe founi chofaj ant premye 1ye Oktòb ak 31 Me, sètadi "Sezon Chalè", nan kondisyon sa yo:



Sante Ou



MWAZISI, SOURIT, RAVÈT, AK RAT

Mwazisi, sourit, ravèt ak rat kapab lakòz reyakson alèjik, iritasyon, oswa deklanche opresyon lakay yon pòsyon moun. Pandan enspeksyon sa, ou te resevwa yon bwochi sou danje alèjèn anndan kay yo reprezante ak enfòmasyon sou kijan ou ka pwoteje fanmi ou. Li l ak anpil atansyon epi rele nan 311 pou plis enfòmasyon. Lwa Lokal 55, lane 2018 lan oblige pwopriyetè imèb ki genyen plizyè lojman yo pou yo fè sa k nesèsè pou apatman lokatè yo pa gen mwazisi ak bèt nuizib.

Asèlman ak Deplasman

LIY ASISTANS LOKATÈ

Rezidan New York ki gendwa ap sibi asèlman nan men pwopriyetè ki lwe yo kay la, ki riske sibi deplasman oswa ki gen reparasyon nan kay yo pwopriyetè yo pa fè kòm yon fòm asèlman kapab kontakte Liy Asistans Lokatè a. Liy Asistans Lokatè a se platfòm santralize Inite pou Soutyen ak Lokatè (Tenant Support Unit, TSU) Inite Angajman Publik la (Public Engagement Unit, PEU) ki konekte lokatè nan tout senk awondisman yo ak pwogram, asistans legal, ak resous kominotè yo. Ou ka kontakte Liy Asistans Lokatè a anliy oswa lè w rele 311. Asèlman lokatè yo sibi nan men pwopriyetè kay yo ka enkli:

- Pa bay kontra lwave oswa renouvèlman kontra lwave oswa ofri a plizyè repriz pou l remèt ou lajan rès mwa ki rete yo pou w ale fè wout ou.
- Avi degèpisman ki pa jistifye oswa fèmti apatman ki ilegal
- Menas ak entimidasyon, tankou apèl telefonik byen ta lannwit
- Reklame lajan anplis pou yon apatman ak lwave regilye
- Pa fè reparasyon oswa pa founi sèvis publik ki nesèsè
- Fè espre pwovoke pwoblèm ki gen pou wè ak konstriksyon tankou travay apre lè ki fèt pou sa yo oswa pa retire eksè pousyè oswa debri travay sila yo koze
- Entèripsyon repeète sèvis enpòtan yo tankou chofaj, dlo, ak kouran

Si w ap viv nan yon apatman ki gen lwave ki kontwole oswa lwave ki estab, ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou asèlman lè w rele Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal) nan **(718) 739-6400**. Pwokirè Jeneral Eta New York la gen yon liy pou enfòmasyon ak plent tou: **(800) 771-7755**.